

19 me 2020

Chè fanmi,

Nou konnen kriz COVID-19 la ak chanjman sanzatann nan dezyèm mwatye ane lekòl la pou aprantisaj adistans lan prezante difikilte pou anpil fanmi atravè Vil la. Fòs, pèseverans, ak devouman 1.1 milyon elèv nou yo, estaf ak fanmi ki sipòte yo chak jou kontinye etone m. Nou kontinye amelyore règleman nou yo pou satisfè moman san presedan sa a, devlope ak nan kèk ka reenvante yo totalman pou sipòte elèv ak fanmi nou yo. Jodi a nou ap ekri w pou pataje yon mizajou sou lekòl pandan ete a.

Nan respè nou toujou bay regleman federal, Eta a ak Vil Nouyòk sou sante, nou ap adapte modèl lekòl ete nou an pou ete 2020 an. Ane sa a, nou pral ofri lekòl ete atravè enstriksyon adistans, k ap pèmèt nou bay plis elèv ke jamè avan sipò akademik yo bezwen ak yon pon ant ane lekòl sa a ak ane apre a. Non sèlman n ap bay enstriksyon akademik, elèv k ap patisipe nan pwogram lekòl ete pral gen opòtinite tou pou ale nan pwomnad vityèl nan tan yo disponib ak angaje yo nan aktivite aprantisaj sosyo-emasyonèl chak jou.

Kiyès ki nan klas 3-8yèm ane pral nan lekòl ete?

Y ap mande elèv nan klas 3yèm jiska 8yèm ane ki pa ranpli kondisyon pou chanje klas nan mwa jen pou ale nan lekòl ete. Yo pral patisipe nan sis semèn enstriksyon adistans depi Lendi 13 jiyè – Madi 18 out.

Pwofesè yo ka rekòmande tou kèk elèv nan klas 3–8yèm ane ki ranpli kondisyon pou chanje klas an jen pou pran sipò akademik anplis pandan ete a. Yo pral patisipe nan sis semèn enstriksyon adistans depi Lendi 13 jiyè – Madi 18 out.

Lekòl ou pral fè w konnen an jen si yo rekòmande oswa egzije pitit ou a pou patisipe nan pwogram aprantisaj pandan ete a.

Kiyès ki nan klas 9-12yèm ane ki pral nan lekòl ete?

Elèv nan klas 9-12yèm ane ki resevwa yon nòt nan Kou an Pwogrè, oswa ki bezwen reprann yon kou li te echwe nan yon semès avan, pral patisipe nan enstriksyon adistans pou kou kote li bezwen gen kredi a. Enstriksyon adistans lan pral deroule apati Lendi, 13 jiyè pou rive Vandredi, 21 out.

Lekòl ou pral fè w konnen an jen si yo rekòmande oswa egzije pitit ou a pou patisipe nan pwogram aprantisaj pandan ete a.


E elèv ki nan Pwogram Edikasyon endividyèl (Individualized Education Program, IEP) pou 12 mwa?

Elèv nan tout klas ki gen Pwogram edikasyon endividyèl (IEP) 12 mwa pral patisipe nan pwogram ete adistans lan apati Mèkredi 1ye jiyè pou rive Jedi 13 out. Lekòl la pral kontakte tout elèv k ap resevwa oswa elijib pou resevwa sèvis sa yo nan yon ti tan apre.

Siksè akademik pitit ou a enpòtan anpil. Pou asire ke elèv nan tout vil la resevwa sipò yo bezwen pandan ete sa a, nou ap dedye tout efò nou pou ofri pwogram aprantisaj obligatwa yo rekòmande, epi nou pa pral fè Summer Academy ochwa ak pwogram lekòl ki baze sou ranfòsman (Enrichment) ane sa a. Nou pral kontinye pataje resous ak aktivite espesifik pandan ete a nan schools.nyc.gov/summer pou semèn k ap vini yo konsa tout elèv ka jwenn nouvo fason amizan pou kontinye aprantisaj yo ete sa a.

Nou toujou di ke Vil Nouyòk gen pi bon elèv, pi bon anplwaye, ak pi bon fanmi nan mond lan, epi pa gen anyen k ap janm chanje sa. Ou kontinye pwouve sa chak jou. Mèsi.

Avèk senserite,



Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk